Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 3 март Рузман №9 (7771) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багъа 8 гъурущ 12 +

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райадминистрациялда**

## Байрам кІодо гьабуна

Къоло кІиабилеб февралалда райадминистрациялъул данделъабазул залалда тІобитІана ВатІан цІунулезул къоялда хурхараб рохалилаб тадбир.

Данделъи рагъулаго районалъул бетІер Шамил ГІумаровас бицана ВатІан бокьизе ва цІунизе ккеялъул кІудияб кІваралъул, баркана байрам, гьарана киналго ВатІан цІунулезе щулияб сахлъи, рекъел ва икъбал.



Байрамалъул тарихалъул бицараб кІалъай гьабуна райадминистрациялъул АТКаялъул бетІерав специалист Шагьрурамазан Махаевас.

Баркиялъулал кІалъаял гьаруна районалъул рагъулав комиссар ХІабиб ХІабибовас ва районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГІабдусаламовалъ.

Районалъул нухмалъулев Шамил ГІумаровас байрамалда хурхун сайгъатал кьуна Украиналда тІобитІулеб хасаб рагъулаб операциялъул гІахьалчагІазул эбел-инсуе.

Тадбиралъе хасаб берцинлъи кьуна районалъул культураялъул хІалтІухъабазул музыкалияб цererахъиналъ.

Данделъиялъул ахиралда Совет Союзалъул БахІарчи Къади Абакаровасул ва рагъулаб хъулухъ тІубалаго къурбанлъарал полициялъул офицерзабазул гІарасазда цере лъуна тІугьдузул горал.

**Зульфия Сажидова**

## Конкурсалъул призерлъун вахъана



Дагъаб цебе Каспийск шагьаралъул анцІила цоабилеб гимназиялда тІобитІана республикаялъул шагьараздаса ва районаздаса гІолохъанал учительзаби гІахьаллъулеб «Бищун лъикІав гІолохъанав учитель» абураб республикаялъулаб конкурсалъул финал.

Нилъер районалдаса гьенив гІахьаллъана Метрада гьоркьохъеб школалъул тарихалъул ва обществознаниялъул учитель Мурад Дибиров.

КІиго къоялда жаниб гІолохъанав учителас бихьизабуна жакъасел тІалабазда рекъон цІалдохъабазе дарсал кьезе жиндир бугеб махщел ва гьунар, гьединго «Учителлъи-дир рекІел ахІи» абураб самопрезентациялда рагьана учителасул махщел бищиялъе жиндирго букІараб балъголъи.

Конкурсалъул хІасилаздалъун Мурад мустахІикълъана лъабабилеб бакІалъе ва вахъана республикаялъулаб конкурсалъул призерлъун.

Баркула гьесда лъикІаб хІасил, гьарула жеги чІахІиял бергьенлъаби.

**Багьжат Гъазиева**

**Росабалъе сапар**

## Рагъул гІахьалчагІазул хъизамазухъе щвана

ВатІан цІунулезул къоялда хурхун байрам баркизе районалъул бетІер Шамил ГІумаров, райадминистрациялъул нухмалъулесул заместитель Халилула МухІамадов, халкъалъе хъулухъ гьабулеб централъул директорасул заманаялъ ишал тІуралей Зайнаб ГІабдулмуслимова, социалияб рахъалъ халкъ цІуниялъул районалда бугеб управлениялъул нухмалъулев Арслан МухІамадов ва халкъ хІалтІудалъун хьезабиялъул централъул директор ХІусен Къадилов щвана мобилизациялда рекъон Украиналда тІобитІулеб хасаб операциялда гІахьаллъулезул хъизамазухъе.



Гьезул хъизамалгун гьарурал гара-чІварияздаса районалъул бетІер Шамил ГІумаровасда лъана гьезда дандчІвалел захІмалъабазул, цІехана хъизамазул сахлъи-саламалъиялъул, къварилъи-гІатІилъиялъул, гьарана киназего рекъел ва, умумулги тІадруссун, талихІаб гІумру гІуцІизе къуват.

-Хасаб рагъулаб операциялда гІахьаллъулезул хъизамазе кумек гьаби ккола нижеца бищунго кІвар кьолел масъалабазул цояблъун. Гьаб захІматаб заманалда нижеца хІаракат бахъизе буго гьединал хъизамазулгун гьоркьоблъи къотІун тунгутІизе. Гьеб мурадалда райадминистрациялда гІуцІун буго волонтеразулаб штабги, -ян абуна районалъул нухмалъулес.



ВатІан цІунулесул къо баркун гьезул хъизамазе кьуна ракІалде щвеялъулал сайгъатал ва кванил нигІматал.

Гьединго районалъул бетІер Шамил ГІумаровас хал гьабуна Хонохъ ва ТІадгьаквари росабалъ школазда цІалул хІалтІи кин гІуцІун бугебали, классазул помещениябазда бугеб ахІвал-хІалалъул, хасго гьел хинлъизарулеб къагІидаялъул. Гьенир тІатарал цо-цо гІиси-бикъинал гІунгутІаби гІагараб заманалда лъугІизаризе кколин абуна Шамил ГІумаровас.

**Заур Бадрудинов**

Редакторасул колонка

# Президентасул хитIаб

21 февралалда РФялъул президент Владимир Путиница хитIаб гьабуна Федералияб Собраниялде. Исанасеб хитIаб гьабизе ккана нилъер улкаялъе захIматаб заманалда. Гьедин абуна жиндирго кIалъаялъул байбихьуда улкаялъул президентас.



Гьес хитIаб байбихьана, нилъеда лъалеб букIахъего, Донбасс цIуниялъе гIоло Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул ахIвал-хIалалъул бицун.

Жиндирго кIалъаялъулъ гьес бихьизабуна гучаб ва къуватаб Россиялъе гIоло нилъер общество гъункизе ва цолъизе кколебльи. Нилъеда лъала СШАялъул ва НАТОялъул жакъасел ахIиязде данде чIезе бугеб нилъер бажариялда бараб букIин улкаялъул букIинесеб.

Донбасс божун ва балагъун чIун букIана Россия кумекалъе бачIиналъухьилан абуна президентас. 2014 соналдаса нахъе донбассалъулазда бихьараб гIакъуба-кьварилъиялъул бицунаго, гьес бихьизабуна западалъул элитаялъул нахъегIанльи.

Нилъ божарал руго улка цебетIезе букIиналда, гьелъие нилъер ресалги ругин абуна президентас. Россиялъул экономика ва гьелъие гьабулеб нилъер нухмальи цIакъго щулияб букIин бихьана Западалда, гьелда сверухъ рукIарал гьезул пикраби данде ккечIо, ритIухълъичIо гьезул хIисабал ва хьулал.

Президентас бицана цIиял регионал рукIалиде ккезариялъул, рагъулал гIахьалчагIазе гьаризесел социалиял хъулухъазул, улкаялъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъул.

Пачалихъалъул бетIерас бихьизабуна нилъер гIун бачIунеб гIелалда Россиялъул тарихгун маданият ва гIадатал цIикIкIун лъезе школазул ва тIадегIанал цIалул заведениябазул гуманитариял гIелмабазул программабазул, хасго историялъул, обществознаниялъул, географиялъул качество борхизабизе ккей педагогазулгун гIалимзабазул ва специалистазул гIахьаллъигун.

Рагъул байданалда Россиялда тIад бергьенлъи босизе лъиданиги бажарулареблъиги бихьизабуна президентас. Жакъа къоялъ Западалъ Украина хIалтIизабулеб буго Россиялде данде таран ва полигон хIисабалда. Гьезул мурад буго унеб хасаб рагъулаб операция кIудияб рагъде сверизабун, миркалъго Россиялъул Федерация тIагIинабизе. Гьеб мурад гьез бахчулебги гьечIо. Амма гьезда бичIчIулеб гьечIо рагъул байданалда Россия къезабизе кIолареблъи.

Западалъ жигар бахъулеб буго нилъер общество чучлъизабизе ВатIаналъе хилиплъарал миллияздаса хиянатчагIазда мугъчIвайги гьабун. Гьединал хиянатчагIазги законалда цебе жаваб кьезе бугин абуна президентас.

Россия киданиги букIине гьечIин Киевалъул режималда ва Западалъул элитаялда рельлъун. ВатIан тун цоги рахъалдехун гали тIамуралгунги гьоркьорлъаби загьир гьарулел рукIине гьечIин абуна президентас. Биччанте гьеб гьезул яхI-намусалда бараб букIине, ва гьелда рекъон гIумруги гьабизе. Аслияб жо буго Россиялъул гIадамаз гьезие моралияб къимат кьей.

КIудияб разилъиялда къабул гьабуна депутатаз ва сенатораз ДСНВялда бан СШАялъулгун гьабун букIараб кьотIи-къаялда гIахьаллъи Россиялъ гьоркьоб кьотIизабулеб бугин абураб лъазаби. СШАялъ ядернияб ярагъил хIалбихьи гьабуни, нилъецаги гьабизе бугин лъазабуна президентас. Гьесул рагIабазда рекъон РФялъул минобороналъул ва «Росатом» Госкорпорациялъул букIине ккола чIванкъотIарал шартIазда ядернияб ярагъалъул хIалбихьи гьабилде хIадурлъи. БичIчIула, тIоцебе нильеца гьеб гьабизе гьечIеблъи, амма СШАялъ хIалбихьи гьабун хадуб, нильецаги гьабизе бугин лъазабуна президентас.

Гьединго президентас бицана 2024 соналъ РФялъул президент вищиялъе тIоритIизесел рищиязул хIакъалъулъ. Гьел ва исана сентябралда тIоритIизесел бакIалъулалгун регионалиял органазул рищиял тIоритIизе ругин абуна гьес законазда рекъон, Конституциялъул демократиял принципазул тIалабалги цIунун.

Пачалихъ ракIчIун цебетIеялъе гьабизе кколеб хIалтIи Россиялъул хIукуматалда лъалеб букIиналда божильи гьабуна президентас. Гьебги щиб, къватIисел пачалихъазул тIадецуялда ва рагъулаб хIинкъиялда балагьичIого, жибго жиндаго чIун, пачалихъалъе хIинкъи гьечIеб хIалалда, лъидаго бачIого.

Президентас баркала кьуна россиялъулазе хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва рагъулал ишал унел зонабазда лъутун рачIаразе гьабулеб кумекалъухъ, гьункиялъухъ ва цоцазе кумекалъе ратиялъухъ.

-Бокьараб ахIиялъе жаваб кьезе буго Россиялъ, шайгурелъул нилъ киналго руго цо пачалихъ, цо кIудияб ва гьункараб халкъ. Нилъ божарал руго нилъеда ва нилъер къуваталда. РитIухълъи - нилъеда хадуб буго! -гьединал рагIабигун лъугIизабуна президентас жиндирго кIалъай.

Судалъул пристав

# РакIбацIцIадаб хIалтIуе шапакъат

Ахирал соназ чара гьечIого хIажатал махщелазул цояблъун лъугьун буго судалъул приставасул хIалтIи. Гьеб бараб буго гIадамазул рукIа-рахьин цебетIеялда, магIишат гIуцIизе ресал ратулаго кредитал росун налъукье ккеялда ва



цогидал гIиллабазда.

Судалъул приставаз кьола судазе пропускалги, цIунула гьезул мина-бакIги, ралагьула налъулалги, гьезул магIишатги, тIурала судалъул хIукмабиги.

Гьеб захIматаб хIалтIи тIубалаго сонайил хIалтIулъ лъикIал хIасилал рихьизарулел руго судалъул приставазул федералияб хъулухъалъул ЦIумада ва ЦIунтIа районалъул отделалъ. ГIемерал соназ ракIбацIцIадго гьеб отделалъе нухмальи гьабулеб буго Багьадур Багьадуровас. Дагъистаналъул судазул приставазул отделазул хIалтIул хIасилазухъ балагьун гьес нухмалъулеб идара исанаги тIоцебесеб бакIалде ккана ва мустахIикълъана тIоцебесеб даражаялъул дипломалъе. 2021 соналъги гьел рахьун рукIана конкурсалъул призераллъун.

Жидерго иш лъан, хIалтIи нухда бачунеб буго Арсен ХIасановас, Запир МуртазагIалиевас, ХIажимурад ИсмагIиловас ва Зугьра МухIамадовалъан бицана отделалъул нухмалъулес.

-Гьаб шапакъат ккола нижер киназулго гIаммаб захIматалъул хIасил. ДандчIвалел захIмалъабазухъ балагьичIого, гIадамалгун хIалги рекъезабун, жидерго ишал тIураялъе жигараб хIалтIи гьабулеб буго судалъул приставаз. Араб соналъги гьез ракIарана транспорталъулал налогазул, кредитазул, предпринимателазухъа кколел налъабазул батIи-батIияB гIарцал. ГIадамазда лъазе ккола жидедехун ругел закониял тIалабалги ва юристасулгун бухьенги ккун тIуразе ккола жидерго захIмалъабиги, -ян абуна Багьадур Багьадуровас.

Баркула судалъул приставазул тIолабго коллективалда намусбацIцIадаб хIалтIухъ щвараб лъикIаб къимат, гьарула киназего щулияб сахлъи, рекIее сабру ва хьизаналъулаб талихI.

**Зульфия Сажидова**

# Авар мацIалъул къо кIодо гьабуна

Къоло цоабилеб февралалда Хонохъ росдал гьоркьохьеб школалда тIобитIана халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къоялда хурхараб рохалилаб



тадбир. Гьеб рагьана ва бачана авар мацIалъулгун адабиятальул мугIалим НигIматула Гьазиевас.

Гьес цIалдохъабазда ва мугIалимзабазда баркана халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къо, бицана щибаб соналъ МахIачхъалаялда кIудияб къиматалда гьеб къо кIодо гьабиялъул, гьениб республикаялъул магIарул мацIалъул мугIалимзабазул букIунеб жигарчилъиялъул. Гьединго бицана магIарулазда гьоркьоб авар мацIалъул бугеб кIвараръул.

-МацI билани, билула миллат. Жидер миллат гьечIел гIадамал рельлъуна руссине рукъ гьечIел, бицине мацI гьечIел, гьеб мацIалда хьварал асарал, тарих, гIадатал лъалареб къавмалде. Авар мацI ккола нилъее, магIарулазе гIаммаб болмацIлъун. Авар мацIалда ахIула ХьахIабросулъа МахIмудил хвел гьечIел кучIдул, магIарул мацIалъ хьвана ЦIадаса ХIамзатица халкъалъе лъикIаб босизеги квешаб тезеги малъулел асарал. Нилъер цIар рагIарал халкъиял поэтал Расул ХIамзатовас ва Фазу ГIалиеваль жидерго асаралги хьвана авар мацIалда. Жакъасеб къоялъги цIи-цIиял шагIирзабазгун хьвадарухъабаз хьвалелги руго,- ян абуна НигIматула Гьазиевас.

Дандельиялда гьединго бицана жакъа къоялде магIарул мацIалде къолеб кIвар дагьаб букIиналъул, гIун бачIунеб гIелалда гьеб загIипго лъаялъул, гьелдехун эбел-инсул бугеб кIвар гьечIольиялъул.

ЦIалдохъабаз рикIкIана авар мацIалда кучIдул, рицана мацIалъул хIакъалъулъ абиял ва кицаби. Щуабилеб, анлъабилеб ва анкьабилеб классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIана авар мацIалъул грамматикаялъул конкурс.

**Заур Бадрудинов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Тлондода» за 2022 год

( тыс. р.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 13,8 | 13,8 | 10,1 | 73,19 |
| 2 | Земельный налог | 7,0 | 7,0 | 5,4 | 77,1 |
| 3 | Налог на имущества | 6,0 | 6,0 | -4,5 | -75,0 |
| 4 | Аренда | 19,0 | 19,0 | 19,0 | 100,0 |
| 5 | Сельхоз налог | 2,8 | 2,8 | 7,1 | 253,6 |
| | **Итого собственные доходы** | 48,6 | 48,6 | 37,1 | 76,3 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1562 | 2839 | 2839 | 100 |
| 2 | Дорожный фонд | | 5891,6 | 5891,6 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 107,0 | 114,1 | 114,1 | 100,0 |
| 4 | Субсидия | | | | |
| | Итого | 1669,0 | 8844,7 | 8844,7 | 100,0 |
| | Всего доходов | 1717,6 | 8893,3 | 8881,8 | 99,9 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 873,5 | 921,4 | 921,4 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 518,0 | 520,2 | 520,2 | 100,0 |
| **2** | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | Дорожный фонд | | 7168,6 | **7003,1** | 97,7 |
| 5 | ВУС | **107,0** | **114,1** | **114,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 80,0 | 85,4 | 85,4 | 100,0 |
| **6** | ЖКХ | 486,4 | 529,3 | 529,3 | 100,0 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | 0,0 |
| 8 | Культура | **133,7** | **131,2** | **131,2** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 101,9 | 100,2 | 100,2 | 100,0 |
| **9** | ФК и спорт | **117,0** | 106,9 | 106,9 | 100,0 |
| | в т. ч. зарплата | 107,0 | 106,9 | 106,9 | 100,0 |
| | Всего расходов | **1717,6** | **8971,5** | **8806,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 806,9 | 812,7 | 812,7 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Тлондода» Ш. Гитинов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Кванада» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 42,7 | 42,7 | 50,3 | 117,8 |
| 2 | Земельный налог | 20,0 | 20,0 | -12,6 | -63,0 |
| 3 | Налог на имущества | 11,0 | 11,0 | -2,4 | -0,22 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,8 | 0,8 | 4,5 | 562,5 |
| 5 | Арендная плата | 30,0 | 30,0 | 39,0 | 130,0 |
| 6 | Прочие неналог. доходы | 0,0 | 0,0 | 0,0 | |
| | **Итого собственные доходы** | 104,5 | 104,5 | 78,8 | 75,4 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2489,0 | 2489,0 | 2492,0 | 100,1 |
| 2 | Субвен.регист. актов ЗАГСа | | | | |
| 3 | Субвен. ВУС | 112,0 | 118,8 | 118,8 | 100,0 |
| 4 | Стихия | | | | |
| | Итого | 2601,0 | 2607,8 | 2610,8 | 100,1 |
| | Всего доходов | 2705,5 | 2712,3 | 2689,6 | 99,2 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1545,9** | **1714,9** | **1714,9** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1060,0 | 1071,3 | 1071,3 | 100,0 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | | | | |
| 5 | ВУС | **112,0** | **118,8** | **118,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 82,2 | 82,2 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | 500,6 | 517,0 | **517,0** | 100,0 |
| 7 | Молодёжная политика | **10,0** | | | |
| 8 | Культура | **527,0** | **518,5** | **518,5** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 344,2 | 341,3 | 341,3 | 100,0 |
| 9 | ФК и спорт | **10,0** | | | |
| | Стихия | | | | |
| | Всего расходов | 2705,5 | 2869,2 | 2869,2 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1481,2 | 1494,8 | 1494,8 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения«сельсовет Кванада» А. Халилов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Кеди» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| **1** | НДФЛ | 18,8 | 18,8 | 23,7 | 126,1 |
| **2** | Земельный налог | 20,0 | 20,0 | -9,9 | -49,5 |
| **3** | Налог на имущества | 5,0 | 5,0 | 1,9 | 38,0 |
| **4** | Сельхоз налог | 2,8 | 2,8 | 3,5 | 125,0 |
| **5** | Прочие налоговые доходы | 43,0 | 43,0 | 43,0 | 100,0 |
| **6** | Не выясненные поступления | | | | |
| | **Итого собственные доходы** | **89,6** | **89,6** | **62,2** | **69,4** |
| | **Трансферты** | | | | |
| **1** | Объем дотаций | 1763,0 | 1813,0 | 1813,0 | 100,0 |
| **2** | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| **3** | Субвен. ВУС | 106,0 | 112,8 | 112,8 | 100,0 |
| | **Итого** | **1869,0** | **1925,8** | **1925,8** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **1958,6** | **2015,4** | **1988,0** | **98,6** |
| | **Расходы:** | | | | |
| **1** | **Аппарат** | **1289,0** | **1339,7** | **1339,6** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 967,0 | 973,7 | 973,6 | 100,0 |
| **2** | **Проведения выборов** | | | | |
| **3** | **ВУС** | **106,0** | **112,8** | **112,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 82,2 | 82,2 | 100,0 |
| **4** | **ЖКХ** | **440,0** | **439,3** | **410,5** | 93,4 |
| **5** | **Молодёжная политика** | | | | |
| **6** | **Культура** | **113,0** | **113,0** | **112,2** | 99,3 |
| | в т.ч. зарплата | 84,0 | 84,0 | 83,9 | 99,9 |
| **7** | **ФК и спорт** | **10,6** | **10,6** | **10,6** | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **1958,6** | **2015,4** | **1985,7** | **98,5** |
| | в т.ч. зарплата | 1128,0 | 1139,9 | 1139,7 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Кеди» З. Абдулхабиров**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 20,5 | 20,5 | 15,0 | 73,2 |
| 2 | Земельный налог | 13,0 | 13,0 | -1,3 | -10,0 |
| 3 | Налог на имущества | 6,0 | 6,0 | 0,7 | 11,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,9 | 0,9 | 0,2 | 22,2 |
| 5 | Неналоговые доходы | 32,0 | 32,0 | 32,0 | 100,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | **Итого собственные доходы** | 72,4 | 72,4 | 46,6 | 64,4 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1561,0 | 1781,0 | 1781,0 | 100,0 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | | | | |
| 3 | Субвен.регист. актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 105,0 | 111,8 | 111,8 | 100,0 |
| | Итого | 1666,0 | 1892,8 | 1892,8 | 100,0 |
| | Всего доходов | 1738,4 | 1965,2 | 1939,4 | 98,7 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1076,0** | **1092,6** | **1092,6** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 792,0 | 792,0 | 765,8 | 96,7 |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | | | | |
| 5 | ВУС | **105,0** | **111,8** | **111,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 100,0 | 106,8 | 106,8 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | **259,8** | **442,3** | **442,3** | 100,0 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | |
| 8 | Культура | **297,9** | **297,9** | **253,1** | 85,0 |
| | в т.ч. зарплата | 252,0 | 252,0 | 251,6 | 99,8 |
| | Всего расходов | 1738,7 | 2155,6 | 1899,8 | 88,1 |
| | в т.ч. зарплата | 2220,0 | 1150,8 | 1124,2 | 97,7 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» М. Хучбаров**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Верхнегакваринский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| **1** | НДФЛ | 30,5 | 30,5 | 28,3 | 92,8 |
| **2** | Земельный налог | 7,0 | 7,0 | -18,2 | -260,0 |
| **3** | Налог на имущества | 7,0 | 7,0 | -3,9 | -55,7 |
| **4** | Сельхоз налог | 0,8 | 0,8 | | 0,0 |
| **5** | Неналоговые доходы | 25,0 | 25,0 | **25,0** | 100,0 |
| **6** | Не выясненные поступления | | | | |
| | **Итого собственные доходы** | 70,3 | 70,3 | 31,2 | 44,4 |
| | **Трансферты** | | | | |
| **1** | Объем дотаций | 1757,0 | 2506,3 | 2506,3 | 100,0 |
| **2** | Дотация | | 7743,8 | 7743,8 | 100,0 |
| **3** | Субвен.регист. актов ЗАГСа | | | | |
| **4** | Субвен. ВУС | 111,0 | 118,1 | 118,1 | 100,0 |
| | **Итого** | 1868,0 | 10368,2 | ##### | 100,0 |
| | **Всего доходов** | 1938,3 | 10438,5 | ##### | 99,6 |
| | **Расходы:** | | | | |
| **1** | Аппарат | **1076,0** | **1172,5** | **1172,5** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 792,0 | 792,0 | 795,1 | 100,4 |
| **3** | Капремонт здания КДЦ | | **7743,8** | **7743,8** | 100,0 |
| **4** | ЗАГС | | | | |
| **5** | ВУС | 111,0 | 118,1 | **118,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 104,0 | 104,0 | 111,1 | 106,8 |
| **6** | ЖКХ | **405,0** | **934,2** | **933,7** | 99,9 |
| **7** | капремонт | | **278,0** | **278,0** | 100,0 |
| **8** | Культура | **346,3** | **346,3** | **188,3** | 54,4 |
| | в т.ч. зарплата | 262,2 | 262,2 | 137,8 | 52,6 |
| | **Всего расходов** | 1938,3 | 10592,9 | ##### | 98,5 |
| | в т.ч. зарплата | 1158,2 | 1158,2 | 1044,0 | 90,1 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Верхнегакваринский» Р. Нуцалханов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Эчединский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 38,3 | 38,3 | 40,9 | 106,8 |
| 2 | Земельный налог | 12,0 | 12,0 | -4,9 | -40,8 |
| 3 | Налог на имущества | 13,0 | 13,0 | -6,9 | -53,1 |
| 4 | Сельхоз налог | 6,1 | 6,1 | 35,5 | 582,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 21,0 | 21,0 | 21,0 | 100,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | **Итого собственные доходы** | 90,4 | 90,4 | 85,6 | 94,7 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2320,0 | 2420,0 | 2420,0 | 100,0 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 109,0 | 115,8 | 115,8 | 100,0 |
| | Итого | 2429,0 | 2535,8 | 2535,8 | 100,0 |
| | Всего доходов | 2519,4 | 2626,2 | 2621,4 | 99,8 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1345,0** | **1294,0** | **1293,3** | 99,9 |
| | в т.ч. зарплата | 813,0 | 700,0 | 699,8 | 100,0 |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | | | | |
| 5 | ВУС | **102,0** | **115,8** | **115,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 82,2 | 82,2 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | **541,4** | **1857,7** | **1849,5** | 99,6 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | |
| 8 | Культура | **504,0** | **473,0** | **471,1** | 99,6 |
| | в т.ч. зарплата | 336,0 | 336,0 | 336,0 | 100,0 |
| | Всего расходов | 2492,4 | 3951,5 | 3729,7 | 94,4 |
| | в т.ч. зарплата | 2571,0 | 1118,2 | 1118,0 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Эчединский» М. Исаев**

**Колонка прокурора**

## Прокуратура выявила нарушения законодательства в сфере электроснабжения

Прокуратурой района проведена проверка соблюдения требований законодательства в части предоставления потребителям электрической энергией надлежащего качества, подаваемой в необходимых объемах по присоединенной сети в жилое помещение.

В ходе проверки установлено, что в домовладениях напряжение тока ниже нормативного по причине несоответствия сечения электропроводов на линии ВЛ потребной мощности, для чего требуется замена электропровода АС-16 на провод АС-50 на головных участках ВЛ-04 от ТП 2-2/400 кВ. К абонентам проживавшихся в гаселенных пунктах Хонох и Хварши электропроводка проведена на столбах местного производства, и имеется место постоянной замыкании, провода провисевшие.

Напряжение в электрической сети в некоторых отдаленных селах муниципального района не соответствует ГОСТу, а именно не превышает 150-200 Вольт, особенно в зимнее время, вместе положенных 220 Вольт. В результате чего абоненты лишены возможности пользоваться бытовыми электрическими приборами. У крайних абонентов в доме не работают электрические приборы, бытовая техника приходит в непригодность от постоянных перепадов напряжения. Низкое напряжение в сети обусловлено тем, что электрические сети устарели, их технические характеристики не соответствуют фактической нагрузке.

Также проведенной проверкой установлено, что на территории Цумадинского района имеются 2 объекта топливно-энергетического комплекса (объекты электроэнергетики) – 2 подстанции АО «Дагэнергосеть», расположенных на территории администрации сельских поселений с. Агвали (Хуштада-Урух) и с. Эчеда, Цумадинского района, являющиеся структурными подразделениями АО «Дагэнергосеть».

В ходе проверки выявлены следующие нарушения закона: в подстанциях ПС 35/10«Агвали» и ПС 35/10 «Эчеда» не установлены кнопки тревожной сигнализации (КТС) и средства видеонаблюдения, отсутствует пожарно-охранная сигнализация, охранно-режимные меры не соблюдается, отработка порядка взаимодействии с правоохранительными органами в целях повышения готовности личного состава, к действиям в условиях террористической угрозы и чрезвычайных ситуациях, связанных с актами терроризма не проводится. Объект подстанции ПС «Эчеда» в ночное время суток не обеспечивается круглосуточной охраной, а также отсутствует паспорт антитеррористической защищенности подстанции.

На территории администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» имеются более десятки электрических трансформаторов, которые на сегодняшний день не имеются зашитые ограждения вокруг трансформаторов. В населённых пунктах сельского поселения имеются провода, которые цепляют металлические крыши, мечети, частных домов, а при малейшем ветренном погоде провода между столбами бьются друг об друга и дает отключение. Линии электропередачи населенных пунктов Аща, Ангида и Акнада нуждаются в капитальном ремонте. В целях разрешения сложившейся ситуации требуется замена опор и электропроводов АС-16 (25) на провод АС-50. Кроме того, напряжение в электрической сети не соответствует ГОСТу, а именно не превышает 140-180 Вольт, особенно в зимнее время.

Аналогичные нарушения закона имеется в администрации сельских поселений «село Кеди», «село Гакко», «село Метрада», «село Хушет», «село Агвали», «сельсовет Нижнегакваринский», «село Саситли», «село Тисси», «село Сильди», «сельсовет Инхокваринский», «сельсовет Цумадинский», «сельсовет Эчединский», «сельсовет Гадиринский», «сельсовет Нижнехваршинский», «сельсовет Кванадинский».

По выявленным нарушениям закона прокуратурой района в адрес дирекции филиала ПАО «Россети Северный Кавказ» - «Дагэнерго» внесено представление об устранении нарушений законодательства в сфере электроснабжения населения.

**Гаджимурад Арадахов,** зам.прокурора района

## Конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет» от 21.02.2023г. № 1 на 4 апреля 2023 года повторно объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Хушет».

Приём документов будет осуществляться со дня опубликования настоящего объявления в газете «Голос Цумады» до 24 марта 2023 года в администрации сельского поселения «село Хушет» в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1.Заявление на участие в конкурсе;

2.Собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4 х 5 -3 шт.;

3. Паспорт или заменяющий его документ;

4. Документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):

5. Сведения о доходах и расходах кандидата, его супруги (супруга), несовершеннолетних детей принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

6. Согласие на обработку персональных данных

Также подаются копии документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет программу социально-экономического развития сельском поселения.

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса и формы необходимых документов для участия в конкурсе утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет» от 06.07.2015 г. №08 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в отделе правовой работы и информационных технологий администрации муниципального района «Цумадинский район»

**М. Окиев,** глава сельского поселения «село Хушет».

Утерянный аттестат о неполном среднем образовании Г№321422, выданный 11. 06. 1985г. Агвалинской средней школой на имя Магомедова Омара Изудиновича, считать недействительным.

**Дзюдо**

## Ашаханил лъикIал хIасилал

ВатIан цIунулезул къоялда хурхун Хасавюрт шагьаралда 2006-2008 ва 2009-2011 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьор тIоритIана дзюдоялъул кьецал. Гьенив гIахьаллъарав Гъизилюрт районалъул Сулахъ поселокалда гIумру гьабулев анлъабилеб классалъул цIалдохъан Гьакъоса Хъазанатов Ашаханица 42 кг. цIайиялда ккуна тIоцебесеб бакI.



Гьел кьецазда анлъго дандчIваялда ракIчIараб бергьенлъи босарав Ашаханил цевевахъиналдаса цIакъ рази вуго тренер МухIамадрасул Хачаев. ГьитIинав гIолилас ахирал соназ спорталъулъ рихьизарулел лъикIал хIасилазул ва васасул сахаватлъиялъул хIакъалъулъ гIемер бицуна гьес.

Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулезе кумекалъе кьуна васас араб соналъ турниразда бергьун жиндие щвараб гIарцулаб премиялъул 45 азарго гъурущ.

Рагъулаб операциялъул гIахьалчагIаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьитIинав гIолиласе, гьарана гьесие цIиял бергьенлъаби ва анищал тIурай.

Гьединго Ашаханица жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго цIалулъ ва гимназиялъул жамгIияб гIумруялъулъ. ЛъикIал хIасилал рихьизаруна гьес республикаялъулаб конкурсалъул муниципалияб этапалда «Без срока давности» абураб сочинение хъван. Гъизилюрт районалъул 5-7 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб Ашахание щвана тIоцебесеб бакI.

Сулахъ поселокалъул щуабилеб гимназиялъул директор Эльвира ГIумаровалъги классалъул нухмалъулей Заира ГIабдулмутIалиповалъги баркала кьолеб буго гьединав вас куцалел эбел-инсуе ва тренерасе.

Баркула Ашаханида лъикIал хIасилал, гьарула хадубккунги икъбал ва мурадалде щвей.

**Зульфия Сажидова**

**Кьвагьдей**

## ГIужда кьвагьдеялъул кьецал

20 февралалда Агъвали гимназиялъул тиралда тIобитIана Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул рахъкквеялъул хIурматалда чIахIиял гIолилазда гьоркьоб пневматикияб туманкI гIужда кьвагьиялъул рахъалъ районалъул чемпионат.

Гьелъул аслияб мурад букIана гIолилазда гьоркьоб спортивияб кьвагьдей машгьурлъизаби, ГТОялъул нормативал кьезе хIадурлъи, гьезда гьоркьоб гьудул-гьалмагълъи щулалъи ва сахаб гIумруялде гьел ахIи.

Гьелъие нухмалъи гьабуна ва гIуцIадго цебе бачана райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъ.

Кьецазул хIасилазда рекъон тIоцебесеб бакI ккуна ТIиссиса МухIамад АхIмадовас (суратална), кIиабилеб бакI щвана



Агъвалиса АхIмад АхIмадовасе ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Хуштадаса МухIамад МухIамадов.

Бергьаразе ва призеразе кьуна грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

**Заур Бадрудинов**

## Шахматалъулаб чемпионат

Кьоло цоабилеб февралалда Агъвали тIобитIана Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул хIурматалда ва Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялда бан районалъул шахматалъулаб чемпионат.

Кьецазул хIасилазда рекъон районалъул чемпионлъун вахъана жанисел ишазул отделалъул ветеран МухIамадтIагьир Зиявдинов, кIиабилеб бакI щвана Агъвали гимназиялъул физкультураялъул учитель Загьид МуртазагIалиевасе, лъабабилеб бакIалде ккана Агъвалиса ГIабдулвагьаб Идрисов.

**Шамил Бадрудинов**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Сажидова
Зульфия АхIмадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул кьватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета кьватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1484
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maiI.ru